

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Durée de l'épreuve :2 heures 30

Sitiyasyon ijans ak katastwòf

Konfli ak katastwòf se sitiyasyon ki ka fè timoun malnitrisyon oubyen dives kalite maladi. Moun yo vin gen plis tèt chaje pou yo jwenn sèvis sante epi yo vin pa ka jwenn manje jan pou yo ta jwenn li. Moun yo vin mal pou yo jwenn dlo sitou lè gen plis moun ki bezwen dlo e lè kondisyon liyèn yo pa respekte. Timoun vin pa ka al lekòl menm jan ankò, paske gen moun ki vize lekòl yo pou yo fè move zak tankou atak ak kidnaping, nan tan sa a, vin gen mank pwofesè ak mank founiti. Nan kalite sitiyasyon konsa, moun popilasyon an vin gen plis posiblite pout rape enfeksyon VIH la.

Lè gen eskonbrit, tifi ak tigason vin pi fasil tonbe anba men fòs lame ak gwoup moun ak zam k ap anwole moun pou lagè. Tankou medam yo, tifi y oak tigason yo ka pi vit viktim kidnaping, yo ka viktim nan komès illegal moun ak zak vyolans seksyèl tankou zak kadejak.

Yon epidemi k ap frappe plizyè peyi sou late oubyen yon epidemi kap frappe anpil moun nan popilasyon an gen dwa kapab tou parèt yon sitiyasyon katastwòf. Konsa tou, yon epidemi gen dwa kapab kreye yon sitiyasyon katastwòf tou. Sitiyasyon katastwòf kapab vle di: pab vle di: se maladi a ki kapab vin pi grav, oubyen sa ka soti nan move kalite repons moun nan kominote a pote pou pwoblèm nan.

Yon pandemi se yon epidemi ki gaye toupatou, anpil fwa, li travèse fwontye anpil peyi. Yon pandemi grip soti nan nouvo viris grip ki kwaze ak yon popilasyon ki sn defans oubyen ki prèske san defans. Se trapde yon epidemi ka gaye sou latè. Li ka ale epi retounen tanzantan. grip ak lot enfeksyon.

Se dwa timoun ansanm ak fanmi yo jwenn pwoteksyon, enfòmasyon ak èd yo bezwen Pou yo prepare tèt yo lè sitiyasyon konplike yo par sitiyasyon konplike yo parèt sou yo.

Konesans pou n sovelavi, UNICEF,jiyè 2012, p. 18

PREMYE PATI

A. Konpreyansyon tèks (30 pwen /5 pwen pou chak bon repons).

1. Kisa ki lakoz nan sitiyasyon konfli ak katastwòf gen plis timoun ki vin pa kapab ale lekòl ankò jan yo te konn fè sa?
2. Lè gen afwontman oubyen konfli, nan ki gwo danje tifi kou tigason fasil pou yo tonbe?
3. Nan ki move zak divès kategori moun nan sosyete a konn viktim lè gen konfli oubyen lagè?
4. Kisa yon pandemi ye? Bay de egzanp pandemi ou konnen ki fè ravaj nan lemonn?
5. Kòman yon epidemi kapab tounen yon sitiyasyon katastwòf?
6. Ki tip tèks sa ye? Jistifye.

B. Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (35 pwen-5 pwen pou chak bon repons).

1. Endike kisa oksilyè ki souliye nan fraz anba yo eksprime (obligasyon, pwobabilite, pèmisyon, posibilite...)

d) Pòl ka rantre nan mwa sa a.

2. Presize kategori gramatikal mo ki souliye nan fraz anba yo.

- a) Ki elèv ou wè devan pòt klas la?_____
- b) Manman m pran ji ki nan frijidè a? _____
- ch) Tout moun yo la kounye a. _____
- d) Klas la ap travay pou reyisit li. _____
- e) Tout moun ap fè devwa yo. _____

3. Endike nati pwopozisyon ki souliye nan fraz sa a:
"Pwofesè a antre nan klas la men li pa travay."

- b) Ekri yon fraz ki gen yon sibòdone konpletiv epi souliye sibòdone a.

4. Ekri chan leksikal ki genyen otou tèm « maladi » dapre tèks la epi montre rapò mo sa yo genyen ak ide jeneral ki veyikile nan tèks la.

5. Reprezante fraz sa a grafikman : "Yon gwo eskonbrit eklate nan vil la. "

6. Ki sans mo ak ekspresyon sa yo genyen nan tèks la :

- a) eskonbrit
- b) zak kadejak
- ch) trapde
- d) tèt chaje

7. Tradui dènye paragraf tèks lan fransè.

Fraz	Oksilyè
a) Ou <u>mèt</u> pase pran kòb la demen.	
b) Timoun yo <u>dwe</u> respekte règ jwèt la.	
ch) Li di li <u>kapab</u> fè travay la byen.	

DEZYÈM PATI

B- Literati (15 pwen)

1. Bay otè zév literè sa yo: (8 pwen)

Zèv	Otè
Leya Kokoye	
Dezafi	
Djakout	
Bouki ak Malis	

2. Site kat (4) jan literè ou konnen (7 pwen)

a

b

ch

d

TWAZYEM PATI

D- Pwodiksyon ekri: (20 pwen)

Chwazi yn (1) sijè:

- 1- Ekri yon lèt tou louvri pou sansibilize otorite nan leta ki konsène a (Minis Edikasyon nasyonal la) sou kantite lekòl ou konstate ki fèmen pòt yo nan zòn bò lakay ou akòz pwoblèm sosyal (mank mwayen ekonomik, ensekirite san kontwòl...). Antanke, reprezantan yon asosyasyon jèn nan zòn nan, mande Minis la èd selon ou idantifye pou rezoud pwoblèm nan, yon fason pou lekòl sa yo relouvri pòt yo.
- 2- Ou te asiste yon rankont divès asosyasyon nan zòn ou abite a t ap fè sou fason pou yo pote yon repons nan tèt ansanm a anpil pwoblèm divès kategori moun nan zòn nan ap fè fas akòz sitiyasyon ijans ak katastwòf yo. Antanke reprezantan asosyasyon jèn nan, ekri yon kontrandi sou rankont lan.